

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa miboga harti sakarepna, manasuka, dipilih kalawan acak, nepi ka taya patali nu logis antara lambang sora jeung objék nu dilambangkeunana. Nilik kana jaman kiwari dina kahirupan sapopoé, basa nu digunakeun nyaéta basa nu dipikaharti ku sabudeureunana. Lantaran kitu, kamekaran basa tuluy diulik boh keur kaperluan sapopoé boh keur élmu pangaweruh.

Basa teu bisa dipisahkeun ti manusa. Ari sababna, basa dipaké ku manusa dina kahirupan sapopoé pikeun komunikasi. Komunikasi mangrupa pakakas interaksi sosial, nyaéta patali marga antara individu atawa kelompok jeung individu atawa kelompok lianna. Manusa bisa silih tuker informasi ngeunaan kaayaan sabudeureunana antar papada manusa. Mekarna basa téh ngan aya dina kahirupan manusa. Luyu jeung éta hal, basa téh jadi ciri has pikeun manusa nu terus dimekarkeun ti jaman ka jaman.

Béda halna jeung sato, sato mah teu ngagunakeun basa tapi ngagunakeun insting pikeun komunikasina. Ieu hal, dirojong ku sawangan Sudaryat (2009, kc. 8), nu nétélakuen yén basa mangrupa sistem lambang sora nu dipaké ku manusa pikeun komunikasi. Tangtuna dina unggal komunikasi, manusa nepikeun informasi mangrupa gagasan, ide, maksud, rasa, jeung émosi sacara langsung. Mangka dina unggal komunikasi aya nu disebut “peristiwa tutur” jeung “tindak tutur” dina hiji kontéks atawa situasi.

Ditilik tina fungsina, basa salaku alat komunikasi. Ieu hal dirojong ku Wiranty (2015, kc. 295), nétélakeun yén fungsi basa nu utamana nyaéta salaku sarana komunikasi. Dina komunikasi salawasna dipangaruhan ku ayana peristiwa omongan jeung polah omongan. Peristiwa omongan nyaéta ayana interaksi dina hiji ucapan nu ngalibetkeun dua pihak, antara panyatur jeung pamiarsa, ku ayana jejer omongan dina waktu, tempat jeung situasi nu tangtu. Polah omongan atawa polah ucap nyaéta paripolah panyatur ka pamiarsa nalika komunikasi basa dina situasi jeung kontéks nu tangtu. Basa dina hakékatna nepikeun jeung narima

wawaran nu mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang dina komunikasi. Luyu jeung éta hal, komunikasi mangrupa hal pangpengtingna pikeun manusa.

Nalika komunikasi, hiji jalma atawa panyatur ilaharna maké medium basa nu ngawujud omongan minangka gambaran polah nu dirarasakeun dina nyarita. Anapon, panyatur tara sagemblengna ngomong kana naon nu dimaksud atawa nu jadi udaganana. Gambaran polah nu dirarasakeun dina nyarita disebut polah omongan, polah omongan kalintang penting sabab nangtukeun pisan lancar henteuna nalika komunikasi basa. Upama salah polah omongan nu dilakukeun ku panyatur, pamiarsa bisa salah ngartikeun, antukna komunikasi moal lancar. Kitu deui nu jadi pamiarsa, kudu surti kana kaayaan. Upama ngadéngé hiji omongan atawa caritaan, dina dasarna aya nga-*decodeding* (maca sandi) ma'na tina éta ucapan. Anapon dina nyarita, mangka dasarna nga-*encoding* (menyandikan) sora-sora basa pikeun nyieun atawa ngébréhkeun ma'na. Ngama'naan hiji omongan atawa bacaan teu gampang upama hiji jalma teu boga kasurti kana situasi jeung kontéks. Kontéks dina komunikasi téh diulik ku élmu pragmatik. Pragmatik mangrupa ulikan ngeunaan kaayan basa manusa nu geus ditangtukeun ku kontéks masarakatna. Éta hal, bisa ditangtukeun upama panyatur nyarita dina kaayaan sedih tangtuna waé pamiarsa kudu surti kana kaayaan sarta pamiarsa méré réspon nu hadé kana naon nu dicangkingna, ti dinya prosés komunikasi basa bisa lumangsung kalayan lancar dumasar kaayaan basa nu dipakéna.

Prosés komunikasi basa bisa maké medium vérbal (lisan) jeung nonvérbal (tulisan). Minangka medium basa lisan, ébréh dina paguneman sapopoé, pidato, békéra, jeung saterusna. Ari medium basa tulisan mah nyoko kana karya sastra, majalah, koran, jeung buku. Upamana dina karya sastra nyaéta novel “*Si Kabayan Jadi Duku*”. Dina komunikasi tulisan ogé aya polah omongan nu ngébréhkeun dina unggal runtulan kalimah-kalimah. Éta kalimah-kalimah ngagambarkeun kaayaan polah omongan dina unggal dialog antar tokoh. Ilaharna dina sastra mah aya latar tempat, suasana, jeung penokohan nu digambarkeun ku pangarang. Pangarang ogé ilaharna nepikeun pesen ka nu maca minangka amanah dina karyana. Alatan kitu, pangarang tara sagémbengna ngagambarkeun situasi jeung kontéks dina unggal carita. Dalah sok aya nu teu bisa ngahartikeun dialog antara

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH.

AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tokoh sanajan ku nu ngarang geus diébréhkeun ngaliwatan *lattar* atawa *setting*. Kitu halna, dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri diébréhkeun ngaliwatan polah omongan dina unggal dialog-dialogna. Nu ngarang ngagambarkeun polah omongan kalayan jéntré. Boh polah omongan nu fungsina pikeun nitah atawa nyaram, boh pikeun ngébréhkeun rasa kakeuheul atawa karumasaan. Ti dinya nu maca apal kana polah ucap atawa omongan nu dilakukeun ku tokoh.

Di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda panalungtikan polah ucap kungsi dilaksanakeun, di antarana waé; “Analisis Fungsi Tindak Tutur dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby” ku Mardian Chindra R (2013), “Tindak Tutur Basa Sunda: Tilikan Pragmatik kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib” ku Febby Nurriyanti Irwansyah (2013), “Polah Ucap dina Karangan Paguneman Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017” ku Dina Sri Astuti (2017), sarta “Polah Ucap Basa Sunda dina Naskah Drama *Nagri Katumbiri* Karya Nazarudin Azhar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikan Pragmatik)” ku Yanti (2017).

Panalungtikan nu dilakukeun ku Chindra (2013) ngan saukur medar fungsi jeung wanda polah ucap, upama nu dilakukeun ku Irwansyah (2013) wanda, papasingan fungsi jeung kontéks, nu dilakukeun ku Astuti (2017) ditilik tina jihad wanda, sipat jeung wujud polah ucap, nu dilakukeun ku Yanti (2017) ditilik tina jihad wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap. Éta panalungtikan téh aya nu geus dipatalikeun jeung pangajaran, aya ogé nu dilakukeun can dipatalikeun kana pangajaran. Ku kituna, panalungtikan nu baris dilakukeun ayeuna aya sasaruanana jeung dua panalungtikan saméméhna, nyaéta pada-pada ngulik polah ucap. Najan kitu aya bédana, ieu panalungtikan téh ngan husus ngulik wanda, fungsi, adegan jeung bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif dina salah sahiji novel karya Moh. Ambri. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulha “Polah Ucap Diréktif jeung Éksprésif dina Novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri” perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH.

AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri?
- b. Kumaha fungsi polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri?
- c. Kumaha adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri?
- d. Naon bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah di luhur, tujuan panalungtikan ieu téh nyaéta pikeun ngulik tur ngadéskripsikeun polah ucap diréktif jeung ékspsrésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri nu ngawengku opat hal, nyaéta:

- a. wanda polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri;
- b. fungsi polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri;
- c. adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri; jeung
- d. bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH.

AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tirotis ieu panalungtikan aya mangpaatna nyaéta bisa ngajembaran élmu pragmatik hususna ngulik jeung ngadéskripsiéun wanda polah ucap diréktif jeung éksprésif, fungsi polah ucap diréktif jeung éksprésif, adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif, katut bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan ngawengku tilu hal, nyaéta:

- a. pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa nambahán kaweruh ngeunaan wanda polah ucap diréktif jeung éksprésif, fungsi polah ucap diréktif jeung éksprésif, adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif, katut bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif nu aya dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri;
- b. pikeun siswa, hasil panalungtikan dipiharep bisa méré pangdeudeul pikeun pangajaran kabahasaan sarta maham wangun kalimah nu aya dina novel hususna polah ucap diréktif jeung éksprésif; katut
- c. pikeun guru, hasil panalungtikan dipiharep méré pangdeudeul pikeun pangajaran novel hususna ngeunaan kabasaanna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan panalungtikan anu ngawengku liima bab.

BAB I Bubuka, eusina ngajéntrékeun masalah jeung tujuan panalungtikan nu patali jeung analisis polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* Karya Moh. Ambri.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir eusina ngajéntrékeun tiori-tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan.

BAB III Métode Panalungtikan, eusina ngajéntrékeun métode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH.

AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajéntrékeun perkara hasil tina panalungtikan katut ka eusi tina hasil analisis polah ucapan diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* Karya Moh. Ambri.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngajéntrékeun perkara kacindekan jeung saran tina hasil analisis nu geus dilakukeun sarta implikasina.

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH.

AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu